

Tradiktoloji kreyòl ayisyen **Chapit V : Diskisyon**

Chapit sa a se yon etap kle nan dinamik rechèch la paske li fasilite nou pase kite nivo deskriptif rezilta yo pou rive nan yon nivo entèpretatif ak kritik la. Se nan etap sa a nou teste validite ak siyifikasyon done yo parapò ak kesyon rechèch yo. Nan sans sa a, chapit la pa sèlman yon espas pou reponn kesyon rechèch nou yo, men li sèvi tou kòm yon laboratwa refleksyon kote nou konfwonte pratik tradiksyon kreyòl ayisyen an ak gwo modèl tradiktolojik ki egziste nan literati yo.

Kidonk nou rive nan etap k ap fasilite nou reponn diferan kesyon nou te poze nan pwoblematik la: sou ki prensip tradiktè yo chita pou tradui ak ki defi yo rankontre yo. Anplis, li fasilite nou montre enplikasyon rezilta yo sou plan didaktik ak sou plan pwofesyonelizasyon tradiksyon an kreyòl ayisyen.

Nan yon dinamik parèy, chapit la mete aksan sou wòl estratejik tradiktoloji kreyòl la nan bati yon refleksyon syantifik sou tradiksyon kòm pratik, kòm didaktik, epi kòm zouti pou konstui yon vizyon lengwistik ak kiltirèl ki plis adapte ak realite kominote ayisyèn nan. Se etap sa a ki prepare tèren pou konklizyon final la kote n ap souliye kontribisyon rechèch la, limit li, ansanm ak pèspektiv li louvri pou avni disiplin nan.

1. Brèf deskripsyon kesyon rechèch yo, pwosedi ki anplwaye ak rezilta yo

Premyeman, kesyon jeneral rechèch la chita sou yon pwen fondamantal : Ki sa ki defini didaktik tradiksyon kreyòl ayisyen an ? Kesyon sa a tabli yon fondasyon refleksif ki vize egzamine dimansyon metodolojik tradiksyon an depi nan faz analiz tèks sous la rive nan pwodiksyon tèks sib la. Anplis, kesyon segondè yo chache dekouvri sou ki prensip tradiktè yo repoze pratik yo, ki defi yo konfwonte nan kad transfè mesaj la. Ansanm kesyon sa yo fòmile yon kad entèwogatif ki fasilite nou abouti ak yon obsèvasyon anpirik ak refleksyon teyorik sou tradiksyon kreyòl la.

Dezyèmman, sou plan metodolojik, rechèch la adopte yon apwòch kalitatif ak yon dimansyon deskriptif. Done nou ranmase atravè kesyonè elektwonik yo prepare sou platfòm *Google Forms*, ladan yo nou genyen kesyon ouvè ak fèm pou bay, yon bò, rezilta mezirab, epi, yon lòt bò, diskou deskriptif ki reflekte eksperyans tradiktè yo. Patisipan yo se tradiktè pwofesyonèl, pwofesè ak pratikan ki gen eksperyans nan tradiksyon kreyòl, sa ki te pèmèt rasanble temwanyaj solid epi ki divèsifye. Analiz la fèt dapre yon lojik fenomelojik, sa vle di li te chache konprann eksperyans patisipan yo viv nan realite sosyal, kiltirèl ak pwofesyonèl yo, olye li te limite l nan yon deskripsyon estatistik senp.

Twazyèmman, rezilta yo fasilite nou dekouvri plizyè aspè ki make pratik tradiksyon kreyòl ayisyen an. Yo montre, malgre egzistans tradisyon pratik depi byen lontan, disiplin nan kontinye pa rive atenn yon nivo teyorik ak didaktik solid. Tradiktè yo chita sou pratik anpirik ak estrateji endividyèl ki, souvan, lakoz iregilarite nan kalite tradiksyon yo. Pi gwo defi ki parèt yo se difikilte nan tretman tèminoloji, absans materyèl pedagogi adapt ak presyon sosyolengwistik ki enflyanse chwa estil yo. Rezilta yo konfime, nan limit sa a, nesite yon konstriksyon didaktik tradiksyon kreyòl ayisyen an ki kapab bay lang nan yon kad syantifik ak pedagogik ki solid, pandan l ap louvri pèspektiv pou pwofesyonalizasyon ak devlopman akademik nan domèn nan.

1.1. Deskripsyon enplikasyon rezilta yo: siyifikasyon yo ak siyifyans yo

Rezilta rechèch sa a revele yon realite ki enplike plizyè nivo nan domèn tradiksyon an kreyòl ayisyen. Premye eleman ki parèt klè, nou kapab wè malgre pratik tradiksyon an egziste depi byen lontan nan lang lan, gen yon mank evidan nan estrikti teyorik ak metodolojik pou soutni devlopman tradiksyon sou baz syantifik. Sa fè parèt yon faktè kritik: tradiksyon an kreyòl ap fèt sou baz esperyans endividyèl oswa enspirasyon pèsònèl, san kad referans estandadize. Sa kapab mete an danje bon jan kalite tradiksyon yo, lakoz li vin pi difisil pou rive fè yon evalyasyon objektif sou tèks ki tradui yo.

Dezyèmman, rezilta yo montre tradiktè yo rankontre anpil defi, kit se sou plan tèk teknik kote yo oblije kreye oswa adapte, kit se nan ki gen pou wè ak chwa estil, lojik transfè, oswa presyon sosyolengwistik ki lye ak estati lang kreyòl la nan sosyete a. Enplikasyon sa a fasilite nou wè tradiksyon kreyòl pa yon aktivite senp, li mande desizyon reflechi, kapasite lengwistik solid ak yon sans responsablite lengwistik ak kiltirèl.

Twazyèmman, absans materyèl didaktik ak gid metodolojik an kreyòl ayisyen mete tradiktè yo nan pozisyon kote yo gen pou envante metòd yo sou plas, san yo pa gen zouti ki ta ka gide refleksyon yo ni kore pratik yo. Sa mete fokis sou nesosite pou bati yon didaktik tradiksyon espesyalize an kreyòl ayisyen ki baze sou reyalyte lang lan ak kompleksite transfè kiltirèl yo.

Anplis, pi gwo siyifikasyon rezilta yo sèvi kòm yon apèl pou rekonèt tradiksyon an kreyòl ayisyen kòm yon domèn ki merite devlopman pwofesyonèl, epi mete sou pye estrikti ki kapab soutni aktè ki angaje nan travay sa a. Vid sa a gen konsekans dirèk sou nivo edikasyon, aksè ak enfòmasyon, e menm sou devlopman sosyal ak lengwistik peyi a.

An rezime, rezilta yo pa sèlman mete aksan sou sa ki manke; yo louvri chemen tou pou plizyè refleksyon sou jan pou amelyore pratik tradiksyon an kreyòl ayisyen. Yo montre enpòtans pou entegre lang kreyòl la nan tout nivo rechèch, edikasyon ak komunikasyon ofisyèl, kote tradiksyon jwe yon wòl kle kòm pon pou konesans pase rive jwenn tout sitwayen.

Nenpòt moun ki enterese ak tradiksyon kapab li travay sa a. Lektè sou yon travay kon sa ap fasilite yo gen yon lòt konsepsyon sou lang kreyòl ayisyen an. Rive dekouvri anpil teyori tradiksyon. Y ap rive rantre nan pwoblematik tradiksyon lang kreyòl la. Y ap dekouvri ansanm prensip fondamantal pou fè tradiksyon nan lang lan. Y ap rive jwenn yon ansanm rekòmandasyon pou yo reyisi tradiksyon nan lang kreyòl ayisyen an nan divès nivo.

Limitasyon yo

Tankou tout travay syantifik, etid sa a genyen kèk limit ki merite konsidere pou mete rezilta nou yo nan kontèks yo. Premyeman, limit prensipal la chita sou kad tan ak resous ki te disponib pou reyalize rechèch la. Rechèch la te fèt sou yon peryòd tan limite, sa te mete baryè sou kantite done nou te kapab kolekte epi analize an detay.

Dezyèmman, travay la te chita prensipalman sou dimansyon deskriptif tradiksyon kreyòl ayisyen an, sa vle di li te mete plis aksan sou idantifye pratik ki egziste, defi ak prensip tradiksyon, san li pa t rantre fon nan yon analiz konparatif ant diferan metòd oswa ant tradiksyon kreyòl ak lòt lang. Se pa t objektif nou non plis pou analize tout kalite tradiksyon : literè, administratif, syantifik, relijye, elatriye. Nou te limite tèt nou ak pratik jeneral yo.

Finalman, nou rekonèt gen limit nan aksè ak done ak aktè tradiksyon yo. Pa egzanp, li pa t fasil pou jwenn anpil dokiman ofisyèl sou kou tradiksyon an kreyòl, ni pwofil detaye tradiktè k ap pratike nan domèn lan. Gen plizyè tradiktè k ap travay endepandan oswa nan enstitisyon ki p ap toujou dokimante pratik yo oswa mete materyèl yo disponib piblikman.

Malgre tout limit sa yo, nou kwè travay sa a make yon etap enpòtan nan direksyon refleksyon sou tradiksyon an kreyòl ayisyen, e li ka sèvi kòm pwen depa pou lòt rechèch ki vle ale pi lwen nan dimansyon teyorik, didaktik, teknik oswa konparatif.

Fòmilasyon sentetik

Nan kad pwoblematik nou, nou te poze pwoblèm didaktik tradiksyon ki fèt nan lang kreyòl ayisyen yo. Se yon pwoblèm teyorik ki chita sou metòd, prensip ak teknik espesifik pou pwosesis tradiksyon an kreyòl ayisyen yo depi plis pase san lane yo. Se nan lide sa a ki fè nou te rive sòlve yon ansanm pwoblèm ki chita sou baz teyorik tradiksyon kreyòl la nan lide pou konnen ki sa k ap pase nan tèt tradiktè a depi anvan li kòmanse tradui, pandan l ap tradui epi aprè pwodui tradiksyon an.

Nou chèche konnen pwoblèm patisipan yo rankontre pandan y ap tradui epi ki sa yo fè pou yo rezoud pwoblèm yo. Nou rive chèche konnen ki zouti yo itilize epi jwenn pwendvi

yo sou kritè evalyasyon yon tradiksyon. Pou fini, nou pran divès rekòmandasyon yo nan lide pou yo ta konfòtab lè y ap tradui. Youn nan pwen fò done nou ranmase yo se paske tradiktè yo konsyan de feblès akademik, teknik, lengwistik yo nan tradiksyon malgre y ap pratike aktivite a kanmèm.

Pwoblèm teyorizasyon tradiksyon pa sèlman nan nivo prensip ak metòd ki objektif, men tou gen yon mankman espesyalis ak enterè pou mennen yon seri travay teyorik sou lang kreyòl ayisyen an. An reyalyte, ki moun ki plase pou travay sou prensip yo ? Ki fòmasyon yo ? Ki moun ki fè tradiksyon an Ayiti ? Ki enterè oswa sikonstans ki pouse yo travay nan tradiksyon ? Alòs, ansanm kesyon sa yo kapab pwouve konpleksite avansman domèn tradiksyon an nan peyi a, e done ankèt nou yo kapab eklere nou sou sa si nou vle byen konprann fondman kesyon yo.

Kòm solisyon ak diferan pwoblèm sa yo, li nesesè pou gen plis moun ki fòme nan tradiktoloji pou fè fòmasyon pou tradiktè yo. Dwe gen plis lekòl pou fòme tradiktè nan peyi a nan lide pou se moun ki konn domèn nan k ap pratike li. L ap enpòtan anpil pou gen plis travay kritik ak deskriptif sou pwodui tradiksyon ki fèt deja yo nan lide pou modelize yo epi prezante feblès yo nan tout nivo.

Lekòl tradiksyon yo dwe panche sou yon seri pwoblèm reyèl anndan lang lan tankou pwoblèm tèminolojik la. Fòk yo entegre kou sou tèminoloji nan kisis tradiktè yo epi fè etidyan travay sou yon seri pwojè pratik. Fòk yo pote yon chanjman nan kànva inivèsite k ap fòme tradiktè yo nan objektif pou yo prezante pwojè pratik sou tradiksyon san yo oblije toujou fè etid deskriptif. Nou ankouraje pou entegre bon jan kou analiz kontrastif ant lang ayisyen an ak lòt lang tankou anglè, fransè ak espayòl nan fòmasyon tradiktè yo.

2. Devlopman Teyori Didaktik Tradiksyon Kreyòl Ayisyen (TDTKA)

Tradiksyon an kreyòl ayisyen jwe yon wòl esansyèl nan edikasyon, kominikasyon piblik, ak pwodiksyon konesans nan peyi a. Menm lè enpòtans li, se domèn ki evolye san yon kad teyori estriktire pou lang kreyòl ayisyen an. Sitiyasyon sa a montre bezwen pou yon teyori ki baze sou pratik reyèl tradiktè yo ak reyalye lengwistik ayisyen an.

Se nan kontèks sa a **Teyori Didaktik Tradiksyon Kreyòl Ayisyen (TDTKA)** an devlope. Teyori a konstui apati analiz ki fèt sou pwoblèm tradiktè yo rankontre, estrateji yo adopte e dapre estrikti fonksyonman lang kreyòl ayisyen an. Li wè tradiksyon kòm yon pwosesis entèpretatif ak fonksyonèl ki mande desizyon lengwistik, kiltirèl, sosyal ak teknik.

TDTKA tabli prensip ki fasilite yo òganize pratik tradiksyon an, defini konpetans tradiktè yo, mezire dimansyon natirèl tèks yo epi kreye nòm didaktik ki kapab soutni fòmasyon ak kesyon evalyasyon an. Se yon teyori endijèn ki bay tradiksyon an kreyòl yon fondasyon syantifik pou devlopman li nan administrasyon, edikasyon ak pwodiksyon konesans.

Nan kad analiz tèz doktora a, nou remake:

- gwo vid tèminolojik,
- inegalite nan estrateji tradiktè yo,
- mank nòm evalyasyon,
- konba ant presizyon ak lizibilite,
- balans ki difisil ant fidelite ak natiralye.

Se rezon sa yo ki fè **Teyori Didaktik Tradiksyon Kreyòl Ayisyen an (TDTKA)** vin nesèsè. Teyori sa a sòti nan pratik reyèl tradiktè k ap travay an Ayiti. Li baze sou fason yo wè pwoblèm tradiksyon an, fason yo rezoud yo epi li chita sou estrikti diskou ayisyen an.

2.1. Enonse teyori a

Tradiksyon an kreyòl ayisyen se yon pwosesis entèpretatif ak kominikatif ki dwe adapte ak estrikti lengwistik, kiltirèl, fonksyonèl ak sosyal lang kreyòl ayisyen an. Yon tradiksyon byen fèt se lè tradiktè a rive kenbe sans orijinal la pandan li pwodui yon tèks ki natirèl, klè, koyeran, presi epi ki fasil pou lektè kreyòl yo konprann.

Enonse sa a tabli yon prensip fondamantal: tradiksyon pa yon *kopi mo pou mo*, men yon travay rekonstriksyon sans ki dwe respekte jeni, lojik lang kreyòl ayisyen an ak bezwen piblik sib la.

2.2. Fondasyon teyori a

Fondasyon teyori sa a tabli yon kad jeneral pou tout moun k ap tradui an kreyòl ayisyen, kit tèks la sòti nan franse, anglè, panyòl, pòtigè oswa nenpòt lòt lang. Tradiksyon nan lang kreyòl ayisyen an pa janm yon pwosesis ki senp : li gen dimansyon sosyal, kiltirèl, politik ak ideyolojik ki enfliyanse fason mesaj yo pran fòm nan nouvo kontèks la. Chak chwa lengwistik tradiktè a fè nan tèm, estrikti, ton, rit oswa estil, angaje l nan yon dinamik entèpretasyon ki refile istwa lang lan, valè kiltirèl kominote a ak nivo aksè piblik la genyen ak enfòmasyon an. Se poutèt sa, tradiksyon nan lang kreyòl ayisyen an depase nivo teknik li pou l tounen yon aksyon sosyal kote tradiktè a se yon aktè ki òganize sikilasyon konesans epi ki modle fason lide yo rive jwenn lektè yo.

Nan kontèks sa a, teyori a analize de (2) mouvman prensipal ki fòme pratik tradiksyon kreyòl ayisyen an jodi a. Premye a se tandans leksikojènèz la, ki santre sou presizyon, kreyasyon tèm ak estabilite konsèp yo, epi tandans literyen an ki vize natirallite, klare, rit ak lisibilite pou tout kategori lektè. De mouvman sa yo pa opoze; yo youn konplete lòt dapre fonksyon tèks la, kit se pou enfòmè, esplike, fòmè, kominike, edike oswa sansibilize. Nan sans sa a, teyori a chita sou eksperyans kolektif tout tradiktè k ap travay ak kreyòl, epi li bay yon vizyon solid pou konprann e òganize pwodiksyon tradiksyon nan lang lan, kèlkeswa lang sous la.

4.2.1. Tradiksyon kòm pratik sosyal ak ideyolojik

Tradiksyon an kreyòl ayisyen pa janm inosan. Chwa tèm, chwa estrikti, chwa ton, chwa estil se desizyon ki pote:

- eritaj kolonyal,
- rapò pouvwa ant lang yo,

- valè sosyal ki tache ak chak lang,
- aksè ak enfòmasyon,
- lide sou kilti ak edikasyon oswa lasyans.

Tradiktè a pa sèlman yon teknisyen; li se yon **aktè sosyal** ki oryante fason

enfòmasyon sikile nan sosyete a. Tradiksyon ant lòt lang ak kreyòl ayisyen an enplike yon seri chwa lengwistik ak diskisif ki gen efè dirèk sou fason mesaj la rive nan nouvo kontèks la. Chwa tèm, estrikti, ton ak estil mande pou tradiktè a analize valè sosyal ki atache ak mo yo, diferans nan modèl espresyon yo, efè sans espresyon yo (kesyon pragmatik), nivo aksè piblik la genyen ak enfòmasyon an epi fason konsèp yo enstale nan diskou kiltirèl ak edikatif chak lang.

Nan kad sa a, tradiktè a se yon oratè ki oryante sikilasyon enfòmasyon yo. Wòl li se asire korespondans semantik, konsistans estil, ekilib sosyal tèm yo epi adapte mesaj la san li pa pèdi presizyon ni efikasite kominikasyon. Travay li pa yon operasyon mekanik; se yon pwosesis analiz ki egzije konpreyansyon nyans lang yo ak efè sosyal chwa yo genyen nan lang kreyòl ayisyen an.

4.2.2. *De gwo tandans tradiktolojik kreyòl ayisyen an*

Rechèch la idantifye de (2) mouvman ki gide pratik tradiksyon nan lang kreyòl ayisyen an :

- *Tandans leksikojènèz*

Se yon apwòch ki santre sou presizyon epi li souvan chèche respè estrikti ak chwa mo ki nan tèks orijinal la. Li itilize kreyasyon tèm, kalk, mo prete (anpren) ak vokabilè teknik.

Lide prensipal li se kenbe sans teknik yo ak presizyon konsèp yo.

- *Tandans literyen an*

Li santre sou natiralite, klate, rit ak sonorite lang kreyòl ayisyen. Li privilejye fraz kout, vokabilè komen, espresyon ayisyen natif natal ak adaptasyon kiltirèl.

Lide prensipal li se fè tèks la fasil pou lektè kreyòl yo li epi rann li fasil pou konprann.

TDTKA pa opoze de apwòch yo; li fè yo travay ansanm dapre fonksyon tèks la. Gen de mouvman prensipal ki òganize pratik tradiksyon kreyòl ayisyen an. Premye a, tandans leksikojènèz la ki plis konsantre sou lang sous la, li chita sou presizyon semantik ak establite konsèp yo. Li pwodui solisyon tankou kreyasyon tèm, kalk, mo prete ak vokabilè teknik pou asire korespondans sere-sere ant tèks sous la ak tèks kreyòl ayisyen an. Apwòch sa a patikilyèman efikas lè fonksyon tèks la se enfòmè, esplike oswa prezante konsèp espesyalis ki bezwen presizyon ak rigè teknik.

Dezyèm nan ki se tandans literyen an, li vize natiralite, presizyon ak liziblité. Se yon tandans ki chita sou pozisyon Martin Luther pou lang alman an. Li privilèjye fraz kout, vokabilè komen, espresyon natif natal ak adaptasyon kiltirèl pou fè mesaj la rive klè, senp epi fonksyonèl pou lektè kreyòl ayisyen yo. Lè fonksyon tèks la gen yon wòl pedagogik, esplikatif, kiltirèl-kominikatif oswa li vize lektè jeneral, apwòch sa a fasilite tradiktè a sèvi ak zouti ki pi aksesib. Dapre tandans sa a, lang kreyòl ayisyen gen pwòp done pa li pou esprime kèlkeswa lide a, e se piblik sib la ki pi enpòtan nan pwosesis tradiksyon an. Nan teyori

TDTKA, de mouvman sa yo pa opoze; yo konplete youn lòt dapre fonksyon kominikatif tèks la ak bezwen lektè yo.

2.3.Premis ak postila teyori a

4.3.1. Premis yo

- Tradiksyon se yon travay entèpretasyon, pa yon ranplasman mo.
- Kreyòl ayisyen an gen estrikti pa li; li pa kapab pote estrikti lòt lang san adaptasyon.
- Tradiktè kreyòl yo opere nan yon vid tèminolojik, kidonk yo kreye solisyon.
- Apre tradiksyon an, tèks la dwe sanble tankou yon tèks ki te ekri dirèkteman an kreyòl.

4.3.2. Postila yo

- Yon bon tradiksyon mande yon ekilib ant presizyon ak natiralite.
- Fidelite ki pi enpòtan an se fidelite fonksyonèl, se pa yon fidelite literal.
- Tèm teknik yo suiv modèl: kreyolizasyon → adaptasyon → anpre ak nòt espikatif dapre bezwen.
- Tradiksyon dwe evalye parapò ak kontèks kreyòl ayisyen an, pa sou modèl etranje.

Teyori a repoze sou prensip tradiksyon kòm yon pwosesis entèpretatif kote tradiktè a analize sans, fonksyon ak entansyon diskou a, olye li fè ranplasman mekanik ant mo. Kreyòl ayisyen an se yon sistèm lengwistik konplè ak pwòp estrikti li, kidonk li pa kapab resevwa estrikti lòt lang (tankou franse, anglè, panyòl) san yon travay adaptasyon. Epi tou, espas tèminolojik kreyòl la toujou nan etap konstriksyon, tradiktè a ap opere nan yon vid tèminolojik kote li oblije pwopoze, modle oswa kreye solisyon. Objektif final pwosesis la se pwodui yon tèks ki parèt natirèl, idyomatik epi ki ta bay enpresyon li te ekri dirèkteman an kreyòl.

Postila yo tabli kritè operasyonèl ki gide tout chwa tradiksyon. Teyori a afime pou di yon bon tradiksyon chèche yon ekilib ant presizyon (ki pwoteje konsèp yo) ak natiralite (ki asire lizibilite ak fonksyon diskou a). Fidelite ki pi enpòtan an se fidelite fonksyonèl, sa vle di kapasite tèks la pou sèvi menm wòl kominikatif ak tèks sous la, se pa imitasyon literal estrikti li yo. Nan konstriksyon tèm teknik yo, teyori a pwopoze yon modèl priyorite: kreyolize (si

posib), adapte (si nesèsè), epi prete ak ajoute nòt (si sa obligatwa). Finalman, yo dwe evalye bon jan kalite tradiksyon dapre jan li fonksyone nan pratik, nan diskou ak nan itilizasyon lang kreyòl ayisyen an olye nou konpare li ak modèl etranje ki pa koresponn ak dinamik lang lan.

2.4. Modèl konpetans tradiktè kreyòl ayisyen an

TDTKA pwopozè sèt konpetans ki fondamantal pou nenpòt tradiktè k ap tradui an kreyòl ayisyen: konpetans lengwistik sou lang kreyòl ayisyen an (nòm òtograf, vokabilè natirèl, sentaks). Konpetans nan lang sous la. Konpetans pou entèprete sans (konpetans nan analiz diskou). Konpetans teknik tradiksyon. Konpetans tèminolojik. Konpetans sosyal–etik–ideyolojik. Konpetans teknolojik (zouti tradiksyon).

Konpetans sa yo konstui yon pwofil pwofesyonèl ki fasilite tradiktè a analize, konprann, adapte e pwodui yon tèks solid. TDTKA a defini sèt konpetans endispansab ki konstui idantite pwofesyonèl tradiktè kreyòl ayisyen an. Premye a se konpetans lengwistik kreyòl ayisyen an, ki gen ladan l metriz nòm òtograf ofisyèl yo, vokabilè natirèl lang lan ak estrikti sentaksik li yo. Dezyèm nan se konpetans nan lang sous la, ki fasilite tradiktè a detekte nyans, entansyon ak estrikti diskou orijinal la. Sa mennen nan yon twazyèm dimansyon: konpetans pou entèprete sans, kote tradiktè a analize kontni an pwofondè pou idantifye sans esplicit ak enplisit yo.

Nan nivo operasyonèl, tradiktè a bezwen konpetans teknik tradiksyon, ki kouvri metòd, estrateji ak kritè pou pran desizyon tradiktolojik yo. Li dwe devlope konpetans tèminolojik ki enplike kapasite pou kreye, adapte, òganize oswa chwazi tèm dapre modèl lang kreyòl ayisyen an. Yon eleman kle nan modèl la se konpetans sosyal–etik–ideyolojik la ki fasilite tradiktè a pran desizyon ki reflechi sou efè sosyal, klate ak valè mesaj yo nan kominote kreyolofòn nan. Li mande konsyans sou dimansyon sosyal (chwazi mo ki aksesib pou lektè a), etik (respekte verite ak diyite tèks la), ak ideyolojik (balanse respè pou tèks sous

la ak kapasite kreyòl ayisyen an pou esprime konsèp san repwodui dominasyon diskou etranje).

Finalman, konpetans teknolojik la nesèsè pou itilizasyon zouti tradiksyon modèn tankou glosè, memwa tradiksyon ak resous dijital. Lè nou mete yo ansanm, sèt konpetans sa yo fòme yon modèl pwofesyonèl ki fasilite tradiktè kreyòl ayisyen yo analize, konprann, adapte epi pwodui tèks ki solid, fonksyonèl, natirèl epi sosyalman responsab pandan li respekte nòm diskou kreyòl ayisyen an.

2.5.Konsèp tradiksyon natirèl nan TDTKA

TDTKA mete natiralite kòm youn nan poto mitan teyori a. Yon tradiksyon natirèl se yon tèks ki :

Premyeman, li sonnen natirèl nan lang sib la. Li pa bay enpresyon se yon tèks ki “tradui”, yo kapab li li fasil, san chòk, tankou li te ekri dirèkteman nan lang sib la.

Dezyèmman, li kenbe sans orijinal la, sa vle di li konsève mesaj, entansyon, ton ak enfòmasyon ki nan tèks sous la, san li pa trayi lide otè a.

Twazyèmman, li adapte estrikti lang sous la ak nòm lang sib la. Tradiktè a pa kopye estrikti etranje yo; li reyòganize fraz ak konstriksyon yo pou respekte règ ak abitud lang k ap resevwa tradiksyon an.

Katriyèmman, li evite tradui mo pou mo. Tradiksyon natirèl pa repwodui chak mo; li repwodui lide a avèk fòmilasyon ki pi natirèl nan lang sib la.

Senkyèmman, li respekte estil ak rejis. Si tèks orijinal la se yon tèks fòmèl, literè, teknik oswa enfòmèl, tradiksyon an dwe reflete menm nivo diskou a san fòse.

Finalman, li pote klarifikasyon ki nesèsè. Lè estrikti a oswa referans lang sous la ta twò etranj pou lektè lang sib la, tradiktè a fè adaptasyon modere pou rann mesaj la klè.

Yon tradiksyon natirèl se yon tèks kote lektè a pa santi prezans tradiktè a, li pa santi diferans lang sous la; li jwenn yon tèks ki fidèl e ki benyen nan nòm lang sib la.

4.5.1. *Erè ki afekte kalite natirèl yon tradiksyon*

Nan **TDTKA**, tradiksyon natirèl konsidere kòm yon tèks ki sonnen natif-natal an kreyòl ayisyen, fasil pou yo li epi ki pa etranjeyize lang sous la. Li mande pou tradiktè a itilize vokabilè òdinè oswa kreyolize, estrikti fraz kout ak dirèk, koyerans diskou, respè pou lojik ak konvansyon kiltirèl kominote a. Objektif la se fè lektè kreyòl yo konprann san fòse, pandan yo resevwa mesaj la kòm si li te ekri dirèkteman nan lang yo. Erè ki diminye natiralite a se tradiksyon literal, estrikti etranjeyize, mo ki pa egziste nan kreyòl, fraz lou, tèk teknik san espikasyon ak absans lòd oswa lojik enfòmasyon.

4.5.2. *Mezire dimansyon natirèl la: kijan pou evalye li?*

TDTKA pwopoze mezi sa yo pou verifye si yon tradiksyon sanble ak yon tèks natirèl nan lang sib la.

- *Korespondans ak nòm lang sib la*

Tèks la dwe sonnen tankou yon tèks natif-natal. Kesyon pou nou poze: Èske estrikti fraz yo komen nan lang sib ? Èske mo yo se mo moun sèvi chak jou ?

- *Akseptabilite leksikal*

Chwa mo yo dwe natirèl, apwopriye pou kontèks la. Evite: anpreng anglè, anpreng fransè. Mo a egziste men yo pa itilize li kon sa nan lang lan.

- *Kolokasyon natirèl*

Èske mo yo konbine ant yo tankou nan lang natif la ?

Eg.: *fè yon erè* (natirèl) # *komèt yon erè* (pi literè, men toujou akseptab); *poze yon kesyon* (natirèl) # *mande yon kesyon* (pa natirèl, men akseptab); *prete atansyon* (natirèl) # *peye atansyon* (pa natirèl, non akseptab).

- *Rit ak fason diskou a rive sou piblik la*

Tèks la dwe koule lib, byen swa. Mezire longè fraz yo, varyasyon sentaks ak konektè lojik (inite dyalektik yo).

- *Espresyon idyomatik*

Yo dwe adapte espresyon yo, pa tradui mo-pou-mo. Egzanp kesyon: Èske espresyon yo ap pran menm fòm nan yon tèks si se yon natif ki te ekri l ?

- *Konpatiblite rejis ak estil*

Estil tèks la dwe adapte ak piblik sib la: fòmèl / enfòmèl ; teknik / popilè ; administratif / literè.

- *Klate ak liziblité*

Yon tèks natirèl fasil pou li. Sa ki ka posib: nivo konfizyon sentaksik ak anbigite

- *Konsistans entèn*

Konsistans nan: chwa tèm, ton, estrikti ak vokabilè.

- *Repons natif yo, lokitè natif yo*

Pi gwo mezi natiralite a se jijman yon moun ki pale lang sib la kòm lang manman li. Evalyasyon sa a kapab fèt nan: Echèl 1–5 ; tèks ak lektè ; ak tèks konparatif ant tradiksyon diferan.

4.5.3. Kijan pou evalye nivo natirèl tradiksyon an ?

Evalyatè yo itilize yon echèl 1-5: **5** = Totalman natirèl ; **4** = Natirèl ; **3** = Akseptab men li gen sant tradiksyon ; **2** = Lou / etranj ; **1** = Pa natirèl ditou. Yo analize: leksik, kolokasyon, sentaks ak diskou.

- *Tèks konparatif ak kòpis natif-natal*

Konpare tradiksyon an ak kòpis tèks natif ki ekri dirèkteman nan lang kreyòl ayisyen an ak lòt tradiksyon pwofesyonèl (egzanp Labib). Objektif la se wè si modèl lang tradiktè a koresponn ak modèl lang natif yo.

- *Tèks klate/konpreyansyon*

Li tèks la pou lektè sib la epi mande li: Èske gen pati ki pa klè ? Èske gen fraz ki sonnen dwòl oswa ki etranj pou li ?

- *Analiz estrikti fraz*

Mezire: kompleksite fraz (kout, long), kantite konjonksyon ak adaptasyon estrikti orijinal la.

- *Analiz Kolokasyon*

Egzamine si mo yo konbine yon fason natirèl nan lang sib la.

- *Tradiksyon ranvèse*

Tradui tèks la tounen nan lang orijinal la. Si gen gwo diferans sans, tradiksyon an pa natirèl oswa li pa fidèl.

- *Tès lekti fonetik*

Li tèks la byen fò. Si li brize rit lang lan, li pa natirèl.

An rezime, yo mezire nataralite yon tradiksyon nan jan li respekte nòm lang sib la, chwa mo ki natirèl, estrikti sentaksik tipik lang lan, jan diskou a pase, adaptasyon espresyon idyomatik yo ak evalyasyon natif-natal.

Nan sans sa a, konsèp *tradiksyon natirèl* nan **TDTKA** mete aksan sou kreyasyon yon tèks ki sonnen natif-natal nan lang sib la pandan y ap respekte sans orijinal la, estil, rejis ak konvansyon kiltirèl li. Li mande pou tradiktè a adapte estrikti fraz yo, itilize vokabilè òdinè oswa kreyolize, evite tradiksyon literal epi fè mesaj la fasil pou konprann san fòse.

Pou fini, yo mezire dimansyon natirèl tradiksyon an atravè plizyè nivo tankou sonorite, kolokasyon, rit diskou, adaptasyon espresyon idyomatik, konsistans entèn ak repons natif-natal. Epi tou, nan evalyasyon ki genyen echèl 1-5, tèks lektè, analiz estrikti fraz ak tradiksyon ranvèse. Objektif final la se ofri lektè kreyòl yo yon tèks ki fidèl e ki klè, epi ki bay enpresyon li te ekri dirèkteman nan lang yo.

2.6.Kowabitasyon 2 tandans yo

TDTKA òganize balans lan kon sa :

- Tèks syantifik : presizyon an premye, natiralite aprè.
- Tèks jeneral : natiralite an premye, presizyon apre.

- Tèks administratif: balans egzak.

Nan **TDTKA**, tandans leksikojenèz ak literyen pa opoze, men yo kowabite dapre fonksyon tèks la. Pou tèks syantifik, presizyon konsèp ak tèm teknik se premye priorite, pandan natirinite adapte apre pou fasilite lekti. Pou tèks jeneral, natirinite ak liziblité pran devan e presizyon tèminolojik yo adapte dapre bezwen lektè yo. Pou tèks administratif, teyori a rekòmande pou gen yon balans egzak ant presizyon ak natirinite pou asire klate, konvansyon ekri yo, validite legal ak aksè san konfizyon pou piblik la.

2.7. Nòm didaktik TDTKA

- Fè tèks la klè.
- Kenbe fidèlite **nan sans oswa mesaj**, se pa nan fòm.
- Fè tèm yo konsistan.
- Evite kalk si sa pa nesesè
- Evite etranjeyizasyon.
- Fè fraz kout.
- Itilize vokabilè natif.
- Estandadize tèm.
- Mete nòt lè tèm la twò teknik.
- Tèks la dwe itil pou piblik kreyolofòn nan.

Pou asire yon tradiksyon kreyòl natirèl ak fonksyonèl, **TDTKA** rekòmande plizyè prensip : tèks la dwe klè epi fasil pou konprann, pandan li kenbe fidèlite nan sans oswa mesaj san swiv fòm literal lang sous la. Tèm yo dwe konsistan, sa vle di yo itilize menm mo oswa espresyon pou yon konsèp rive bay menm siyifikasyon atravè tout tèks la, pou evite konfizyon. Egzanp : si tradiktè a itilize *maladi k ap pase nan lè* a pou espliche *airborne disease* nan yon paragraf, li dwe itilize menm tèm sa a nan tout rèz dokiman an olye li chanje ak *maladi nan lè a*. Fraz yo dwe kout pou ogmante liziblité, epi yo evite kalk oswa estrikti etranjeyize lè sa pa nesesè. Lè tèm teknik yo twò espesifik, tradiktè a mete nòt espikatif pou ede lektè a. Objektif final la se pwodui yon tèks ki itil, aksèptab, epi natirèl pou piblik kreyolofòn nan, san li pa pèdi presizyon oswa klate nan mesaj orijinal la.

2.8. Aplikasyon didaktik teyori a

Teyori a kapab sèvi pou :

- bati pwogram inivèsitè pou pwogram tradiksyon,
- devlope manyèl, glosè, memwa tradiksyon,
- fòme tradiktè pwofesyonèl,
- evalye tradiksyon piblik yo,
- kreye nòm nasyonal.

Teyori **TDTKA** a kapab sèvi kòm baz pou plizyè aplikasyon pratik nan domèn

tradiksyon kreyòl ayisyen an. Li fasilite yo bati pwogram inivèsitè tradiksyon, devlope manyèl, glosè, ak memwa tradiksyon, fòme tradiktè pwofesyonèl, epi evalye tradiksyon piblik yo pou asire presizyon, natiralite ak aksesiblite. Anplis, teyori a ka sèvi kòm fondasyon pou kreye nòm nasyonal ki gide pratik tradiktolojik nan tout nivo, soti nan edikasyon rive nan administrasyon ak piblikasyon ofisyèl.

Teyori Didaktik Tradiksyon Kreyòl Ayisyen (TDTKA) reprezante yon avansman fondamantal nan konstriksyon yon kad syantifik pou tradiktoloji lang kreyòl ayisyen. Teyori sa a sòti nan yon apwòch endijèn, ki pa chèche transfere modèl etranje, men ki pran rasin li nan pratik, konpòtman, estrateji ak difikilte tradiktè k ap travay nan kontèks ayisyen an. Nan sans sa a, **TDTKA** pote yon kontribisyon epistemolojik enpòtan : li mete tradiksyon kreyòl la nan yon espas kote yo kapab etidye, analize, estriktire epi evalye li avèk metòd syantifik.

Travay la montre tradiksyon an kreyòl pa ka konsidere kòm yon senp operasyon lengwistik oswa yon ranplasman mekanik ant mo, men kòm yon pwosesis entèpretatif, sosyal, kiltirèl, ideyolojik ak fonksyonèl. Analiz la fè konprann tradiktè a opere nan yon chan diskou kote plizyè fòs sòti nan listwa lengwistik peyi a, nan relasyon pouvwa ant lang yo, nan eritaj kolonyal, nan vid tèminolojik ki egziste nan kreyòl la, epi nan diferans estriktirèl ki separe tèks sous yo ak tèks kreyòl la. Se nan konpreyansyon pwofon dinamik sa yo ki pouse **TDTKA** konstui baz metodolojik li.

Teyori a tabli yon modèl kote tradiksyon an fonksyone atravè de **gwo mouvman konplemantè : tandans leksikojènèz la**, ki chèche presizyon tèmik ak establite konsèp, ak

tandans literyen an, ki mete aksan sou natiralite, klate ak liziblite pou kominote kreyolofòn nan. Olye teyori a wè opozisyon ant de mouvman sa yo, li òganize yo nan yon modèl kowabitasyon kote yo balanse dapre fonksyon kominikatif tèks la. Apwòch sa a bay teyori a yon dimansyon fleksib, fonksyonèl ak adaptatif ki koresponn ak divèsite tèks kreyòl yo nan edikasyon, administrasyon, syans, literati ak kominikasyon piblik.

Yon lòt eleman enpòtan nan konstriksyon syantifik **TDTKA** se definisyon li bay sou konpetans tradiktè kreyòl ayisyen an. Konpetans lengwistik, entèpretatif, teknik, tèminolojik, sosyal-etik-ideyolojik ak teknolojik, ki fòme yon modèl konpetans pwofesyonèl ki depase nivo entuisyon oswa abitud pou antre nan yon kad fòmalizasyon ki kapab mezire epi itilize li pou fòme.

Teyori a ofri tou yon refleksyon syantifik sou konsèp natiralite tradiktolojik, yon kategori ki depase langaj literè senp pou antre nan yon modèl endikatè mezirab. Avèk tèks sonorite, tèks parafraz, analiz vokabilè, tèks konpreyansyon rapid ak yon ribrik natiralite, **TDTKA** pèmèt tradiksyon an vin yon pratik kote bon jan kalite kapab verifye, sistematize epi reprodui. Se nan moman tradiksyon an vin evalyab ak mezirab li rantre tout bon vre nan domèn syantifik.

Depi nan nivo nòm didaktik yo rive nan aplikasyon pratik yo, **TDTKA** tabli fondasyon pou yon tradiktoloji kreyòl ki kapab sèvi nan plizyè espas : nan devlopman pwogram inivèsité, nan konstriksyon glosè ak memwa tradiksyon, nan evalyasyon tradiksyon piblik yo, nan devlopman politik lengwistik epi nan elaborasyon zouti pou pwofesyonèl lang yo. Tout sa rann teyori a pa sèlman yon konstriksyon teyorik, men yon zouti fonksyonèl ki kapab òganize epi pwofesjonalize domèn tradiksyon an kreyòl.

Finalman, **TDTKA** pote yon modèl tradiktolojik ki anrasinen nan idantite lengwistik pèp ayisyen an, ki respekte lojik diskou lang lan, epi ki tabli prensip pou bati yon tradiksyon ki presi, natirèl, aksesib ak sosyalman responsab. Li louvri chemen pou tradiksyon kreyòl

ayisyen an vin yon disiplin syantifik ak yon pratik pwofesyonèl ki solid e ki byen estriktire.

Se nan sans sa a **TDTKA** vin tounen premye teyori ayisyen ki bay tradiksyon kreyòl ayisyen an yon baz konseptyèl, metodolojik, ak didaktik ki kapab soutni devlopman li pandan plizyè jenerasyon.

3. Rekòmandasyon ak sijesyon pou yon pwochen rechèch

Travay rechèch sa a mete aksan sou nesesite pou devlope yon apwòch pi estriktire sou plan didaktik ak teyorik pou tradiksyon an kreyòl ayisyen. Menm si nou rive mete aksan sou kèk pratik ki egziste deja, nou remake genyen yon gwo vid nan domèn lan. Nan sans sa a, nou kwè gen plizyè kesyon ki ta merite atire atansyon chèchè ak enstitisyon k ap travay sou kesyon tradiksyon. Men kèk rekòmandasyon ak sijesyon nou fè pou pwochen travay rechèch yo:

5.1. Devlopman materyèl didaktik pou tradiksyon an kreyòl ayisyen

Li ta nesesè pou gen plis etid pou kreye zouti pedagogik tankou gid pou tradiktè, liv egzèsis, analiz ak etid ka, ki kapab sèvi nan fòmasyon tradiktè yo. Materyèl sa yo dwe konsidere estrikti lengwistik kreyòl la ak diferan reyalyte kiltirèl ki enfluyans tradiksyon.

5.2. Rechèch konparatif sou tradiksyon nan lòt lang kreyòl yo ki gen franse kòm baz leksikal

Li ta enteresan pou yo konpare esperyans tradiksyon an kreyòl ak sa ki fèt nan lòt lang tankou wolòf, papyamennto, oswa lòt kreyòl nan zile yo, pou nou wè ki modèl ki ka enspire nou epi ki apwòch ki pi efikas nan kontèks kreyòl ayisyen an.

5.3. Etid sou wòl teknoloji nan tradiksyon kreyòl ayisyen an

Nan epòk kote tradiksyon vin dijitalize chak jou Bondye mete, li ta enpòtan pou egzamine ki jan zouti modèn tankou memwa tradiksyon, lojisyèl TAO : Tradiksyon ak Asistans Òdinatè yo, ak entelijans atifisyèl ka sèvi kòm sipò oswa baryè pou tradiksyon an kreyòl ayisyen.

5.4. Travay sou tèminoloji teknik ak syantifik an kreyòl

Etandone limit ki genyen nan kreyasyon tèms teknik an kreyòl ayisyen, li ta enpòtan pou yo fè rechèch sou jan pou konstui, estandadize epi mete an sikilasyon tèms ki adapte ak

lang lan pou domèn espesyalize tankou medsin, dwa, edikasyon, elatriye. Sa ta ka sèvi yon baz pou tradiksyon tèks legal yo nan peyi d Ayiti.

5.5. Evalyasyon kritik sou fòmasyon tradiktè k ap fèt nan peyi d Ayiti

Yon lòt chimen rechèch ta ka analize sa k ap fèt nan lekòl oswa inivèsite ki ofri fòmasyon pou tradiktè epi evalye si kontni kourikoulòm yo reponn ak bezwen lang kreyòl la ak reyalite tradiktè yo.

5.6. Kreyasyon yon baz done oswa kòpis tradiksyon kreyòl ayisyen

Devlope yon kòpis dijital ki rasanble divès kalite tradiksyon: literè, teknik, administratif, elatriye, ta ka sèvi kòm zouti rechèch, fòmasyon, epi sous analiz pou chwa estil, estrateji tradiksyon ak evolisyon lang lan.

5.7. Etid sou reprezantasyon sosyal ak ideyolojik tradiksyon an kreyòl ayisyen

Nou panse li enpòtan pou gen travay ki chita sou jan yo resevwa tradiksyon an kreyòl nan sosyete a: ki vizyon sosyete a genyen de lang lan ? Ki valè yo bay travay tradiktè yo ? Èske prejije sou kreyòl la pa afekte tradiksyon ki nan lang sa a ? Sitou lè nou konsidere zèv ki tradui soti nan franse rive nan lang kreyòl ayisyen, li t ap bon pou nou konnen jan piblik la akeyi yo.

An gwo, tradiksyon an kreyòl ayisyen an mande plis efò kolektif pou l devlope sou baz syantifik ak pedagogik. Rekòmandasyon sa yo ta dwe sèvi kòm baz pou mete sou pye yon pi bon estrikti teyorik, metodolojik ak enstitisyonèl ki ka soutni tout moun k ap travay sou tradiksyon nan lang kreyòl ayisyen an. Sa yo ta dwe pouse MENFP, AKA, FLA ak lòt aktè nan Leta yo travay kole-kole pou mete tradiksyon an kreyòl sou yon baz ki pi syantifik, metodolojik ak enstitisyonèl. Sa ap ranfòse pwofesyon tradiktè a, devlope zouti didaktik epi ogmante prestij lang kreyòl ayisyen kòm lang syantifik, administratif ak kiltirèl.

Nou kapab di analiz ak diskisyon ki fèt nan chapit sa a pwouve nou tradiksyon an kreyòl ayisyen pa kapab kontinye fonksyone sèlman sou baz pratik anpirik oswa eksperyans

endividyèl. Li mande yon vizyon kolektif ki angaje tout aktè enstitisyonèl yo nan yon efò konsètatif pou konstui yon fondasyon didaktik ak teyorik solid. Se sèlman nan yon kad kon sa tradiksyon an kreyòl ap rive jwenn estrikti metodolojik ki nesèsè pou pwofesyonelizasyon li, epi pou l vin yon domèn ki reponn ak estanda syantifik entènasyonal yo.

Anplis, rekòmandasyon ki sòti nan rechèch sa a montre wòl enpòtan MENFP, AKA, FLA ak lòt enstitisyon leta yo nan mete sou pye politik piblik, kourikoulòm akademik ak zouti pedagogik ki ka soutni fòmasyon ak pratik tradiksyon yo. Kolaborasyon ant aktè sa yo kapab fasilite kreyasyon yon kòpis dijital, devlope tèm teknik ak syantifik an kreyòl ayisyen, epi entegre teknoloji modèn nan ansèyman ak pratik tradiksyon an. Sa ap ofri yon kad estriktire pou tradiktè yo, pandan l ap bay lang kreyòl ayisyen an plis lejitimite nan espas syantifik, administratif ak edikatif yo.

An gwo, tradiksyon an kreyòl ayisyen se pa sèlman yon kesyon pedagogik oswa pwofesyonèl; li reprezante yon zouti estratejik pou ranfòse idantite kiltirèl, aksè ak konesans, ak patisipasyon sitwayen nan lavi nasyonal la. Lè l ap fonksyone sou yon baz syantifik ak enstitisyonèl, li kapab vin tounen yon poto mitan pou devlopman akademik ak sosyal peyi a. Se nan sans sa a, chapit sa a fè apèl pou yon angajman kolektif ki depase limit inivèsite oswa laboratwa rechèch, pou rive nan yon vizyon nasyonal sou tradiksyon kreyòl ayisyen an kòm yon pratik ki gen valè lengwistik, kiltirèl ak politik.

Konklizyon

Rechèch sa a te chita sou nesèsite pou egzamine didaktik tradiksyon nan lang kreyòl ayisyen an, yon domèn ki po ko esplwate sou plan teyorik. Travay sa a te fasilite nou konprann kòman tradiksyon parèt kòm zouti kominikasyon anvan yo te konsidere li kòm domèn rechèch. Se nesèsite pou kominike, evanjelize epi edike popilasyon ayisyen an ki te

pouse aktè tankou McConnell ak Laubach mete sou pye yon òtograf pou lang kreyòl la, sa ki t ap vin sèvi kòm baz pou tradiksyon ekri a.

Nou te poze tèt nou plizyè kesyon sou pratik tradiksyon ki fèt nan lang kreyòl ayisyen an. Nou te vle konnen ki prensip tradiktè yo itilize ak ki defi yo rankontre sou wout yo. Repons nou jwenn yo eklere nou sou gwo mank ki genyen nan fòmasyon tradiktè yo, nan estrikti didaktik tradiksyon an, e menm nan prezans materyèl pedagogik ak didaktik ki ta ka sipòte aktivite tradiksyon an.

Nan kad analiz ak entèpretasyon rezilta rechèch nou an, nou rive idantifye plizyè tandans ki parèt klè nan pratik tradiksyon kreyòl ayisyen an. Rezilta yo montre gen yon seri chwa tradiktè yo fè ki pa senpman baze sou prensip jeneral tradiksyon yo, men ki reflete vizyon, ideyoloji ak konpreyansyon pèsònèl yo sou sa ki rele tradiksyon ak sou plas lang kreyòl ayisyen an nan domèn sa a. Nou kapab di tou, fason tradiktè yo transfere mesaj lang sous la nan lang sib la (kreyòl ayisyen an) se pa yon aksyon mekanik sèlman, men li makonnen ak yon filozofi oswa yon konsèp ki anrasinen nan panse tradiktè a sou lang ak sou fonksyon tradiksyon an.

Premyeman, nou jwenn yon premye kategori tradiktè, sitou tradiktè amatè yo, ki pa genyen ase konesans teyorik sou tradiksyon. Tradiktè sa yo souvan gen yon vizyon fèmen oswa yon lide fiks sou jan tradiksyon ta dwe fèt. Yo konn konsidere nenpòt tradiksyon ki pa antre nan lojik yo a se yon tradiksyon ki manke valè. Olye yo konsidere varyab kiltirèl, sosyal, kontèks diskou ak nyans estil tèks la, yo plis konsantre sou lang travay yo a jan yo menm yo santi li nan eksperyans pèsònèl yo.

Dezyèmman, nou obsève yon lòt kategori tradiktè. Nan kategori tradiktè sa yo, genyen ki fòme tèt yo poukont, genyen ki pwofesyonèl ak anpil eksperyans. Yo souvan adopte yon tandans kategorik nan tradiksyon. Yo wè tradiksyon kòm yon disiplin ak prensip moun pa ka konteste. Yo prezante apwòch yo kòm modèl ideyal, e souvan yo fè otorite nan

domèn nan, sitou paske yo patisipe nan gwo pwojè tradiksyon oswa yo gen anpil ane pratik dèyè yo. Pou yo, yon tradiksyon reyisi sèlman si li mache nan liy apwòch yo a.

Twazyèmman, gen yon ti gwoup tradiktè pwofesyonèl ki gen fòmasyon akademik avanse nan tradiksyon (lisans, metriz...). Tradiktè sa yo plis ouvè e fleksib nan fason yo wè tradiksyon. Yo chache konprann tandans ki egziste yo olye yo egziye moun sèvi ak prensip ki tou fikse. Yo analize travay tradiktè yo dapre prensip syantifik ak teyori tradiksyon ki modèn yo. Yo wè tradiksyon kòm yon pwosesis ki dwe dekri, analize, olye yo preskri yon sèl chemen. Gwoup sa a devlope plis sansiblite pou kesyon kiltirèl, sosyal ak konpleksite kontèks tradiksyon an.

Aprè nou rive klase tradiktè yo, nou remake gen de gwo tandans prensipal ki domine refleksyon ak pratik tradiksyon nan kreyòl ayisyen an:

Tandans leksikojènèz la, ki mete aksan sou orijin, rasin mo yo ak fòm leksikal yo. Nan apwòch sa a, tradiktè yo itilize anpil kalk, anpren, newoloji ak teknik kreyolizasyon pou prezève konsèp ak estrikti lang sous la. Yo kwè fòk mo yo ak konsèp yo prezève sans reyèl yo paske se nan yo menm sans la chita.

Tandans literyen an li menm pran distans ak resanblans lang sous la nan tradiksyon an. Tradiktè sa yo chèche yon tradiksyon ki natirèl, ki senp epi ki aksesib pou tout moun ki pale kreyòl ayisyen an. Yo pa ankouraje kreyasyon nouvo mo san mezi; olye sa, yo itilize parafraz, nòt anba paj, oswa yo kenbe mo etranje a jan li ye a si tradiksyon dirèk pa posib pandan yo itilize nòt anba paj. Yo kwè fòk tèks ki tradui a sonnen kòm si se yon tèks orijinal kreyòl, san okenn sant oswa enfliyans lang sous la. Tandans sa a ankouraje teknik transliterasyon an pou non pwòp tankou moun, enstitisyon, peyi ak tout lòt non ki pa gen korespondans dirèk nan lang kreyòl ayisyen an.

Malgre de tandans sa yo domine, sa pa vle di pa gen lòt tandans k ap devlope. Gen ka kote tradiktè yo chwazi adopte yon apwòch miks, kote yo konbine fòs de tandans dominan yo

pou yo rive pi byen adapte tradiksyon an ak sitiyasyon espesifik yo. Tandans miks sa a kapab konsidere kòm yon pon ant apwòch tradiktè ki chache prezève rasin mo yo ak sa yo ki plis chita sou adaptasyon ak sa ki natirèl nan lang sib la.

Menm si gen kèk efò ki fèt nan pratik tradiksyon kreyòl la, vid teyorik ak didaktik la toujou prezan. Sa lakoz tradiksyon ap fèt sou baz eksperyans pèsonèl oswa sou imajinasyon tradiktè a, san yo pa toujou gen zouti ki apwopriye pou pran desizyon ki objektif. Sa anpeche bon jan kalite tradiksyon yo, e li soulve nesesitye pou bati sou yon baz teyorik solid ki kapab sèvi kòm gid pou pratik la.

Nou kapab remake, Leta ayisyen, kote pa li, po ko manifeste ase volonte ni mete resous ki nesèsè pou soutni devlopman kreyòl ayisyen kòm zouti kominikasyon syantifik, administratif ak pedagogik. Menm si kreyòl la se lang ofisyèl bò kote franse nan Konstitisyon 1987 la, nan pratik, li po ko jwi tout dwa li. Sitiyasyon sa a kreye yon kontradiksyon: pandan kreyòl se lang majorite popilasyon an konprann, se franse ki kontinye jwe wòl prensipal nan zafè edikasyon, administrasyon piblik ak lasyans.

Nan sans sa a, tradiksyon an kreyòl ayisyen vin parèt tankou yon chan batay kote plizyè dimansyon istorik, lengwistik, sosyolengwistik, leksikolojik, ideyolojik, kiltirèl ak politik mare ansanm. Chak tradiksyon se pa sèlman yon egzèsis lengwistik, men yon aks politik ak kiltirèl. Lè nou tradui nan kreyòl, nou pa sèlman ap chèche transfere sans yon tèks, men nou tou ap kesyone rapò pouvwa ki egziste ant lang yo nan sosyete a. Tradiksyon an tounen yon zouti pou kraze baryè epi louvri pòt pou tout moun. Nou kapab di tou li se yon opòtinite pou devlope lang lan, ba li prestij li merite a epi mete konesans disponib pou tout Ayisyen san paspouki.

Travay rechèch sa a, malgre limit li, vin fè nou dekouvri enpòtans refleksyon pwofon sou tradiksyon kreyòl ayisyen an. Li fasilite nou konprann yo pa ka separe kesyon tradiksyon ak kesyon didaktik la. Si nou vle devlope tradiksyon an nan lang kreyòl ayisyen an, fòk gen

yon didaktik ki adapte ak reyalyite lengwistik ak kiltirèl lang lan. Sa mande pou nou devlope metodoloji ansèyman tradiksyon ki fèt sou baz kreyòl ayisyen an, olye n ap kopye modèl ki sòti nan lòt lang sèlman. Yon apwòch kon sa ap fasilite tradiktè yo ak etidyan yo resevwa zouti ki lyannen ak bezwen yo, e ki prepare yo pou tradui avèk plis presizyon ak efikasite.

Anplis, travay la mete aksan sou nesesite pou konstui yon teyori tradiksyon kreyòl ayisyen ki chita sou reyalyite pa nou yo. Pi souvan, teyori tradiksyon yo itilize nan peyi a se modèl ki sòti nan tradisyon etranje, sitou franse, anglè oswa alman. Modèl sa yo, menm si yo itil nan kèk aspè, pa toujou konsidere sa ki pwòp sou plan lengwistik ak kiltirèl ak kreyòl ayisyen an. Yon teyori tradiksyon ki soti nan reyalyite lang ayisyen an ap plis adapte ak bezwen sosyete a. Li ap fasilite nou reflechi sou kesyon leksik, estil, estrikti ak nyans kiltirèl ki pa parèt menm jan nan lòt lang. Se nan konstriksyon teyori pa nou an, menm jan nou devlope sa pou lang kreyòl ayisyen an nan tèt la, tradiksyon an ka sèvi kòm yon motè pou devlopman syantifik ak kiltirèl nan lang kreyòl ayisyen an.

Finalman, nou kwè rechèch sa a se yon premye etap enpòtan nan direksyon yon refòm didaktik ak teyorik tradiksyon kreyòl ayisyen an. Li se yon envitasyon pou tout aktè nan domèn nan, tradiktè, pedagòg, lengwis ak enstitisyon edikatif pou mete tèt yo ansanm pou konstui yon konesans kolektif sou tradiksyon. Se sèlman nan yon efò kolektif kon sa n ap kapab tabli referans solid ki ap sèvi kòm gid pou jenerasyon k ap vini yo. Refòm sa a pa ta dwe limite ak ansèyman nan inivèsite sèlman, men li ta dwe elaji nan fòmasyon san kanpe, nan devlopman materyèl pedagogik, epi nan pwodiksyon zouti pratik tankou glosè, diksyonè, ak gid tradiksyon.

Travay sa a pa gen pretansyon reponn tout kesyon ki poze sou tradiksyon kreyòl ayisyen an. Okontrè, li louvri wout pou plis rechèch ak plis refleksyon. Gen anpil aspè ki merite plis etid, tankou devlopman materyèl didaktik nan tradiksyon kreyòl, evalyasyon kalite tradiksyon yo ki deja egziste, oswa wòl tradiksyon nan konstriksyon ak valorizasyon

kilti kreyòl la. Avni tradiksyon kreyòl ayisyen an depann anpil de kapasite kominote lengwis, tradiktè, pedagòg ak enstitisyon yo pou konstriksyon yon modèl teyorik sou fondasyon ki deja egziste yo. Si efò sa yo kontinye, tradiksyon ap kapab vin yon mwayen santral pou mete kreyòl ayisyen an pi wo nan tout domèn konesans, depi nan syans rive nan literati, depi nan administrasyon rive nan teknoloji.

Nan pèspektiv sa a, tradiksyon kreyòl la se pa sèlman yon kesyon teknik, men yon zouti estratejik pou devlopman nasyonal. Li kapab sèvi kòm yon levye pou demokrasi konesans, paske li fasilite tout moun gen aksè egal ak enfòmasyon, san baryè lang. Se nan sans sa a nou dwe wè tradiksyon kreyòl ayisyen an: yon zouti pou libere pèp la, pou bay lang lan diyite li, epi pou pèmèt Ayiti avanse nan menm vitès ak lòt sosyete ki deja rive fè lang manman yo vin zouti prensipal konesans ak devlopman.

Referans

- Abdellah, A. S. (2022). What Every Novice Translator Should Know. *Translation Journal*, 6.
- Abplanalp, L. (2001). *Vers une théorie sémantico-pragmatique pour la traduction*. Göppingen: Kümmerle.
- Adriano, C. d. (2017). *On Jakobson's Intersemiotic Translations in Asterix Comics*. Konsilte 16 novanm 2024, sou <https://www.google.com/url?sa=t&source=web&rct=j&opi=89978449&url=https://www.ledijournals.com/ojs/index.php/comparatismi/article/download/1233/1255/3814&ved=2ahUKEwiW9J7OyOGJAxVip7AFHfUFBSEQFnoECBUQAw&usg=AOvVaw2yXyFyTgJHuXWY74LmqAG3>
- Aktouf, O. (1987). *Méthodologie des sciences sociales et approche qualitative des organisations : une introduction à la démarche classique et une critique*. Québec : Les presses de l'Université du Québec.
- Bainton, R. H. (1950). *Here I stand: A life of Martin Luther*. . Abingdon Press.
- Baker, M. (1992). *In other words: A Coursebook On Translation*. London/New York: Routledge.
- Baldwin, M. (1908). *Étienne Dolet: The Martyr of the Renaissance*. London: Kegan Paul, Trench, Trübner & Co.
- Ballard, M. (1992). *De Cicéron à Benjamin Traducteurs, traductions, réflexions*. Presses Universitaires de Lille.
- Becker, H. S. (1998). *Tricks of the Trade: How to Think About Your Research While You're Doing It*. Chicago: University of Chicago Press.

Berman, A. (1984). *L'épreuve de l'étranger. Culture et traduction dans l'Allemagne romantique*. Paris: Gallimard.

Berman, A. (1984). *L'épreuve de l'étranger: Culture et traduction dans l'Allemagne romantique*. Paris: Gallimard.

Berrouët-Oriol, R. (2015). *Les grands chantiers de la traduction en créole haïtien*. Montréal.

Bocquet, C. (2008). *La traduction juridique. Fondement et méthode*. Bruxelles: De Boeck.

Boulanger, P.-P. (2004). *Epistémologie cinétique de la traduction : catalyseur d'étiologie* (Vol. 17).

Bryce, T. (2012). *The world of the Neo-Hittite kingdoms: A political and military history*. Oxford: Oxford University Press.

Cabré, M. T. (1996). *Terminology today*. Amsterdam/Philadelphia: John Benjamins Publishing Company.

Cabré, M. T. (1998). *La terminologie : théorie, méthode et applications*. Ottawa: Les Presses de l'Université d'Ottawa.

Cary, E. (1963). *Les grands traducteurs français*. Genève: Librairie de l'Université Georg & Cie.

Cary, E. (1985). *Comment faut-il traduire ?* Lille: Presse Universitaire de Lille.

Casimir, H. (n.d.). *Pertinence, spécificités, choix et utilisation des théories en traductologie*.

Konsilte 11 dawout 2025 sou: [https://revues.acaref.net/wp-](https://revues.acaref.net/wp-content/uploads/sites/3/2022/08/Casimir-HOUENON.pdf)

[content/uploads/sites/3/2022/08/Casimir-HOUENON.pdf](https://revues.acaref.net/wp-content/uploads/sites/3/2022/08/Casimir-HOUENON.pdf)

Chesterman, A. (1997). *Memes of Translation: The Spread ideas in Translation Theory*. Amsterdam: John Benjamins.

Chiesa, B. (2016). *Targum and early Jewish interpretation*. De Gruyter.

Confiant, R. (2022). *Les grandes dates de la langue créole. Fondas kréyol*.

Danica, Seleskovitch & Marianne, Lederer. (1984). *Interpréter pour traduire*. Paris: Didier Érudition.

Delisle, J. (1980). *L'analyse du discours comme méthode de traduction*. Ottawa: Les Presses de l'Université d'Ottawa.

Delisle, J. (1984). *L'analyse du discours comme méthode de traduction*. Ottawa: Université Ottawa.

Delisle, J. (2013). *La traduction raisonnée* (3 ed.). Ottawa: Les Presses de l'Université d'Ottawa.

Delisle, J. (2013). *La traduction raisonnée*. Ottawa: Les Presses de l'Université d'Ottawa.

Delisle, J. (2013). *La traduction raisonnée* (3e édition ed.). Ottawa: Les Presses de l'Université d'Ottawa.

Durdureanu, I. I. (n.d.). *Traduction et typologie des textes: pour une définition de la traduction « correcte »*. konsilte 31 jiyè 2025, sou Gigitheke:
<https://ojs.letras.up.pt/index.php/int/article/view/4144/3884>

Eco, U. (2007). *Dire presque la même chose. Expériences de traduction*. Paris: Grasset.

Élodie, B. (2021). *Le rôle de la traduction dans la reconnaissance du créole des Petites Antilles françaises à partir de 1960*. Montréal: Université de Montréal.

Even-Zohar, I. (1990). *Polysystem Studies. Poetics Today*.

Felber, H. (1987). *Manuel de Terminologie*. Paris: UNESCO.

Flotow, L. v. (1997). *Translation and Gender. Translating in the « Era of Feminisme »*. Manchester and Ottawa: St. Jerome Publishing and University Of Ottawa Press.

Galtung, J. (1967). *Theory and Methods of Social Research*. New-York: Columbia University Press.

- Gambier, Y., & Van Doorlaer, L. (2011). *Handbook of translation Studies*. Oxford: John Benjamin.
- Gaudin, F. (2003). *Socioterminologie. Une approche sociolinguistique de la terminologie*,. Belgique: Duculot De Boeck.
- Genette, G. (1982). *Palimpsestes : la littérature au second degré*. Paris: Seuil.
- Georges, S. (1975). *After Babel: Aspect of Language and Translation*. Oxford: University Press.
- Goodman, N. (1992). *Manière de faire des mondes*. Paris: Gallimard.
- Govain, R. (2022). *Textes anciens en creole francais de la Caraïbe. Histoire et analyse nan Govain 2022: Otograf kreyol: istwa, evolisyon, kesyonman. fokis sou kreyol ayisyen an* (Vol. I). Potoprens: JEBCA Editions.
- Guidère, M. (2010). *Introduction à la traductologie. Penser la traduction : hier, aujourd'hui, demain*. Paris: De Boeck.
- Heinz, K. (2013). *The Life and Legacy of St. Jerome*. Routledge.
- Herbulot, F. (2005). *Le traducteur technique et la Théorie Interprétative de la Traduction. La Théorie Interprétative de la Traduction, tome III, de la*. Caen: Lettres modernes Minard.
- Holmes, J. S. (1972). *The name and Nature of Translation Studies*.
- Husserl, E. (1931). *Ideas: General Introduction to Pure Phenomenology*.
- Jacobson, R. (2003). *Essais de linguistique générale. Les fondations du langage*. Paris: Les Éditions de Minuit.
- Jakobson, R. (1959). *On linguistic Aspects of translation*.
- Jakobson, R. (1963). *Essais de linguistique générale. Les fondations du langage*. Paris: Les Éditions de Minuit.

Kelly, L. (1979). *The True Interpreter: A History of Translation, Theory and Practice in the West*. Oxford: Blackwell.

Ladmiral, J. R. (1979). *Traduire : théorèmes pour la traduction*. Paris: Gallimard.

Ladmiral, J.-R. (1979). *Théorème pour la traduction*. Payot.

Ladmiral, J.-R. (1994). *Théorème de la traduction*. Gallimard.

Larose, R. (1989). *La theorie contemporaine de la traduction*. Quebec: Presse de l'Universite du Quebec.

Larson, L. M. (1998). *Meaning- Based Translation: A Guide to Cross- Language Equivalence* (éd. 2). Lanham, New York and Oxford: University Press of America.

Lavault-Olléon, E. (2007). *Traduction spécialisée : Pratiques, theories, formation*. Bern: Peter Lang.

Lederer, M. (1994). *La traduction aujourd'hui. Le modèle interprétatif*. Paris: Hachette.

Lederer, M. (2006). *La traduction aujourd'hui. Le modèle interprétatif*. Caen: Lettres modernes Minard.

Lefevere, A. (2017). *Translation, Rewriting, and the Manipulation of Literary Fame*. London and New York: Routledge.

Levi, J. (1967). Translation as a Decision Process.

Levý, J. (1967). Translation as a Decision Process.

Maxwell, J. A. (2010). Using numbers in qualitative research. *Qualitative Inquiry*. 475-482.

McKinnon, J. (2007). *St. Jerome and the Vulgate Bible*. Oxford University Press.

Mildred, L. L. (1998). *Meaning- Based Translation: A Guide to Cross- Language Equivalence* (2nd ed.). Lanham, New York and Oxford: University Press of America.

- Molina, L. & Albir, Hurtado. (2002). Translation Techniques Revisited: A Dynamic and Functionalist Approach. *Translators' Journal*, 47, 498-512.
- Mounin, G. (1963). *Les problèmes théoriques de la traduction*. Paris: Gallimard.
- Munday, J. (2016). *Introducing Translation Studies: theories and application*. London: Routledge.
- Newmark, P. (1988). *A Textbook of Translation*. Prentice-Hall International.
- Nord, C. (1997). *Translating as a Purposeful Activity: Functionalist Approaches Explained*. Manchester: St. Jerome.
- Nord, C. (2008). *La traduction : une activité ciblée. Introduction aux approches fonctionnalistes*. Arras: Artois Presses Université.
- Oberman, H. A. (1989). *Luther: Man between God and the Devil*. Yale University Press.
- Oseki-Dépré, I. (2011). *Théories et pratiques de la traduction littéraire*. Paris: Armand Colin.
- Paul, Moles et al. (2022). Pou yon lengwistik ayisyen. In Renauld Govain (Dir.), *Òtograf kreyòl: istwa, evolasyon, kesyonman. Fokis sou kreyòl ayisyen an. Rechèch Etid Kreyòl*.
- Pernier, M. (2017). *Les fondements sociolinguistiques de la traduction*. Paris: Les Belles Lettres.
- Petrilli, Susan, Ponzio, Augusto. (2006). *Translation as Listening and Encounter with the Other in Migration and Globalization Processes Today In TTR: traduction, terminologie, rédaction* (Vol. 19).
- Picht, H. &. (1985). *Terminology : An Introduction*. Guilford: University of Surrey.
- Plested, Á. (2004). *Panorama de la terminologie*. Konsilte 25 jiyè 2025, sou <https://www.redalyc.org/articulo.oa?id=255025901011>
- Plested, María Cecilia, ak al. (2000). Translating medical texts into a foreign language: some methodological considerations. *journal of linguistics*, 5.

- Raková, Z. (2014). *Les théories de la traduction*. Brno: Masarykova univerzita.
- Rendburg, G. A. (2003). Sumerian and Akkadian linguistic contacts . *Journal of Near Eastern Studies*, 111–122.
- Robert, L. (1989). *Théories contemporaines de la traduction*. Quebec: Presse de l'Universite du Quebec.
- Rousseau, L.-J. (2005). *Terminologie et aménagement des langues*. konsilte 7 jiyè 2024, sou CAIRN.INFO: REVUE LANGAGE: <https://www.cairn.info/revue-langages-2005-1-page-94.htm>
- Savory, T. (1981). *The Art of Translation*. London: Cape.
- Scarpa, F. (2010). *La traduction spécialisée. Une approche professionnelle à l'enseignement de la traduction*. Ottawa: Les Presses de l'Université d'Ottawa.
- Schleiermacher, F. (1992). *On the Different Methods of Translating*. In R. Schulte & J. Biguenet (Eds.), *Theories of Translation: An Anthology of Essays from Dryden to Derrida*. Chicago: University of Chicago Press.
- SCRIBD. (n.d.).
- scribd.com*. (n.d.). Konsilte 1mye dawout 2025, Memwa lisans nan lang kreyòl ayisyen an, 1998-2023.: sou: https://www.google.com/url?sa=t&source=web&rct=j&opi=89978449&url=https://www.scribd.com/document/759834180/Memwa-lisans-ki-feet-nan-lang-kreyol-Ayisyen&ved=2ahUKEwjitISfguyOAxWHQzABHaWIBY4QFnoECBUQAQ&usg=AOvVaw0tDW-gptq5mFYB_vFWXl0v
- Simon, S. (1996). *Gender in Translation: Cultural Identity and the Politics of Transmission*. London: Routledge.

Skujina, V. (2001). The term and its content in the Multilingual Aspect.

Stine, K. H. (2017). *Traduction et terminologie*.

Venuti, L. (2004). *The translator's invisibility: A history of translation*. Routledge.


Vinay, J., & Darbelnet, J.-P. (1958). *Stylistique comparée du français et de l'anglais*. Montréal:
Beauchemin.

Pòsfas

Nan kad reyalizasyon travay rechèch sa a, li enpòtan pou mete aksan sou valè tèz doktora a, pandan n ap rekonèt limit li ak pèspektiv li louvri pou lavni. Objektif tèz se te mete baz pou yon refleksyon sou didaktik tradiksyon an kreyòl ayisyen, nan lide pou ranfòse fondasyon syantifik ak pedagogik pratik tradiksyon k ap fèt nan lang sa a. Rezilta yo montre gen yon nesesite ijan pou mete sou pye yon estrikti ki kapab sipòte fòmasyon tradiktè yo, devlopman materyèl didaktik ak elaborasyon zouti referans an kreyòl ayisyen an jan nou devlope sa nan teyori a.

Malgre limit nenpòt rechèch kapab prezante, tankou limit tan, resous ak aksè ak done, travay sa a reyalize misyon li. Li mete aksan sou enpòtans lang kreyòl la kòm lang tradiksyon, epi li pwofite devlope yon teyori didaktik ki anrasinen nan pratik tradiktè yo ak reyalite lang lan. Li evidan domèn sa a mande plis rechèch konplemantè, espesyalman sou nivo aplikasyon pedagogik, devlopman kourikoulòm epi evalyasyon kalite tradiksyon nan divès kontèks.

Se avèk lespwa travay sa a pral sèvi kòm pwèn depa pou lòt rechèch, pou konstriksyon zouti efikas epi pou konsolidasyon yon tradiktoloji an kreyòl ayisyen. Nou remèt li bay kominote syantifik la. Se yon envitasyon ouvè pou refleksyon kolektif sou plas lang kreyòl ayisyen an nan konstriksyon konesans ak transmisyon li atravè tradiksyon.




Chema tradiktoloji Toury (1995) pwopoze ki baze sou travay Holmes yo.

Figi: Faktè pragmatik ki pèmèt yo fè diferans ant leksik komen ak tèminoloji.


(Cabré, La terminologie : théorie, méthode et applications, 1998)

Leksik komen		Tèminoloji	
	Premye fonksyon		
Konatif, emotif, faktyèl			referansyèl
	Domèn		
Jenerik			espesifik
	Sitiyasyon kominikasyon		
Mwens fòmalize			Plis fòmalize
	Diskou		
Jeneral			pwofesyonèl e syantifik

Ilistrasyon kwatènè inite tèminolojik yo



Chema kominikasyon vèbal Jakobson nan




Tablo estatistik patisipan yo

Tablo sa a prezante klasman 32 patisipan nan ankèt sou tradiksyon an, selon kategori pwofesyonèl yo ak nivo fòmasyon yo. Tout patisipan sa yo pratike tradiksyon nan lang kreyòl ayisyen.

Kategori Patisipan	Kantite	Pousantaj (%)
Pwofesè tradiksyon	3	9.38
Tradiktè pwofesyonèl	11	34.38
Pratikan tradiktè konsyan	8	25
Pratikan tradiktè non konsyan	10	31.26


Graf sikilè sou klasman patisipan yo dapre kategori yo



Tablo estatistik sou fòmasyon patisipan yo

Nivo Fòmasyon	Kantite Patisipan	Pousantaj (%)
Fòmasyon avanse (Espesyalis - Pwofesè Tradiksyon)	3	9.38
Fòmasyon jeneral (Tradiktè Pwofesyonèl)	11	34.38
Fòmasyon bazik (Pratikan konsyan)	5	15.62
Pa gen fòmasyon (Pratikan konsyan)	3	9.38
Fòmasyon bazik (Tradiktè non konsyan)	7	21.88
Pa gen fòmasyon (Tradiktè non konsyan)	3	9.38

Graf sikilè sou fòmasyon patisipan yo



Abreviyasyon yo:

- ESP = Espesyalis
- TRP = Tradiktè Pwofesyonèl
- PRK-F = Pratikan Konsyan ak Fòmasyon
- PRK-SF = Pratikan Konsyan San Fòmasyon
- PRNK-F = Pratikan Non Konsyan ak Fòmasyon
- PRNK-SF = Pratikan Non Konsyan San Fòmasyon

Tablo ki rezime done tradiksyon kreyòl ayisyen an dapre patisipan yo

Kategori Prensipal	Sou-kategori	Esplikasyon
Prensip Tradiksyon	Tradui sans olye mo	Pa tradui motamo, men chèche sans dapre kontèks la
	Metòd ak etap tradiksyon	Li tèks la plizyè fwa, souliye pwen kle yo, analize estrikti tèks la
	Revizyon ak validasyon	Fè lòt moun li tradiksyon an pou valide, fè revizyon an gwoup.
Defi Tradiksyon	Difikilte lengwistik	Mo syantifik pa gen ekivalan, rejis lang diferan:
	Difikilte kiltirèl	Tankou reyalite snowman pa egziste nan Ayiti, difikilte pou adapte...
Zouti Tradiksyon	Zouti teknik	Google Translate, Reverso, diksyonè kreyòl, lojisyèl Gemini ak diksyonè ki nan lang sous la
	Rechèch ak kolaborasyon	Pale ak ekspè, konsilte otè, itilize pòtay sou tradiksyon
Evalyasyon Tradiksyon	Evalyasyon jeneral	Tradiksyon dwe fidèl, klè, natirèl, pa ajoute oswa retire sans
	Evalyasyon lengwistik	Respekte sentaks, grafèm, fonèm, pa sèvi ak kalk franse si sa pa nesesè
	Evalyasyon kominikatif	Tèks la dwe fasil pou monoleng kreyolofòn konprann li
Rekòmandasyon	Legal ak enstitisyonèl	Leta mete lwa pou reglemante pwofesyon an
	Zouti ak Glosè	Kreye diksyonè tematik, glosè, zouti dijital
	Fòmasyon tradiktè	Fòmasyon sou kilti, teknik, estrateji tradiksyon
	Politik lengwistik	Estandadize òtograf, fè pwomosyon kreyòl nan Leta

	Kontwòl kalite	Fè validasyon sistematik, revizyon bò kote ekspè
--	----------------	--

Kwonogram aktivite

Aktivite		Dat
1-	Entwodiksyon	Me 2023
2-	Chapit I : Pwoblematik	Jen 2023-novanm 2023
3-	Chapit II : Revizyon literati	Novanm 2023-fevriye 2025
4-	Chapit III : Metòd	Fevriye 2025-me 2025
5-	Redaksyon kesyonè ak ankèt	Me-jen 2025
6-	Chapit IV : Rezilta	Jen 2025
7-	Chapit V : Diskisyon	4 ^e semen mwa jen rive 3 ^e semen mwa jiyè 2025
8-	Konklizyon	3 ^e semèn mwa jiyè 2025
9-	Bibliyografi	3 ^e semèn mwa jiyè 2025
10-	Relekti tèz la	4 ^e semen mwa jiyè rive 4 ^e semen mwa dawout 2025
11-	Depo	Septanm 2025
12-	Soutnans	30 novanm 2025

Echantiyon fòmilè ankèt**Premye kategori itèm**

Sa ka rive ou twouve wi oubyen non an pa sifi pou reponn kesyon yo nan premye kategori sa yo, ou kapab pote presizyon kote ki make lòt repons lan.

1. Mwen se yon tradiktè/mwen abitye tradui

☐

Wi

☐

non

☐

Lòt repons

2. Mwen anseye tradiksyon ann Ayiti.

☐

Wi

☐

non

3. Mwen fòme nan lekòl ki bay fòmasyon pou vini tradiktè.

☐

Wi

☐

non

☐

Lòt repons

4. Mwen etidye lengwistik.

☐

Wi

☐

non

5. Mwen abitye tradui nan lang kreyòl ayisyen an.

☐

Wi

☐

non

☐

Lòt repons

6. Mwen gen fòmasyon nan lang oubyen nan didaktik lang.

- ☐ Wi
- ☐ non
- ☐ Lòt repons

Dezyèm kategori itèm

1. Tanpri ban nou plis presizyon sou fòmasyon ou (disiplin oubyen pwofesyon ak non enstitisyon kote ou te pran fòmasyon menm si li pa ta gen rapò ak tradiksyon).

2. Sa gen konbyen tan kon sa depi w ap tradui nan lang kreyòl ayisyen an?

3. Èske sa rive ou rankontre difikilte nan tradiksyon ou fè an kreyòl yo ki diferan de kèk difikilte ou ta kapab rankontre si se nan lòt lang (fransè, anglè, espayòl...) ou t ap tradui? Pami difikilte sa yo, prezante nou kèk ladan yo souple.

4. Pou asire ou tradiksyon w ap fè yo kòrèk nan lang kreyòl ayisyen an, tanpri ban nou kèk prensip oubyen metòd ak estrateji ou itilize anvan, pandan ak apre tradiksyon an ki ta ka ede lòt tradiktè yo travay pi byen dapre ou.

5. Èske sa rive ou jwenn difikilte ki gen rapò ak kèk tèk teknik oubyen syantifik ki difisil pou transfere an kreyòl, kòman ou fè pou jere pwoblèm sa yo?

6. Èske ou panse gen nesesite pou yon tradiktè pran fòmasyon espesyal sou tradiksyon kreyòl, nan objektif pou li fè yon tradiksyon kòrèk nan lang sila a? Kòman ou ka esplike repons ou an?

7. Ki zouti (èd pou tradiktè) nou itilize lè n ap tradui nan lang kreyòl ayisyen an?

8. Ki kèk pwoblèm ki ta dwe rezoud nan lang kreyòl ayisyen pou tradiktè yo ta pi konfòtab lè y ap tradui an kreyòl?

9. Ki wòl Leta ta ka jwe nan devlopman tradiksyon nan lang kreyòl ayisyen an?

10. Ki kèk kritè jeneral oubyen espesifik nou ta ka konsidere pou n evalye tradiksyon ki fèt nan lang kreyòl ayisyen an? Ki kèk kondisyon ki ta dwe reyini pou nou di yon tradiksyon reyisi nan lang sa a?
